**दिन–बुधवार** **दिनांक–19.02.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

ज्ञानेश कुमार आइ नव दिल्लीक निर्वाचन सदन में नव मुख्य निर्वाचन आयुक्तक रूप मे कार्यभार सम्हारि लेलनि। श्री कुमार केरल कैडर के उन्नैस सय अंठानवे बैचक भारतीय प्रशासनकि सेवाक अधिकारी छथि। ओ राजीव कुमार स्थान लेलनि। मुख्य निर्वाचन आयुक्तक कार्यभार सम्हारबाक बाद अपन संदेश मे श्री कुमार कहलनि जे राष्ट्र निर्माणक लेल पहिल डेग मतदान अछि आ भारतक प्रत्येक नागरिक के मतदाता बनबाक चाही। ओ कहलनि जे भारतक संविधान, चुनावी कानून, नियम आ ओहि मे जारी निर्देशक अनुसार चुनाव आयोग सदति मतदाता लोकनिक छल आ रहत। एहि सँ पहिने श्री कुमार मार्च दू हजार चौबीस सँ चुनाव आयुक्त के रूप मे कार्यरत छलाह।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार अपन प्रगति यात्राक क्रम मे आइ रोहतास जिला मे तीन हजार सात सय बिरानवे करोड़ टाकाक विभिन्न विकास योजनाक उद्‌घाटन आ शिलान्यास कयलनि। श्री कुमार सासाराम प्रखंडक बेलाढ़ी स्थित जिला पंचायत संसाधन केन्द्र मे कतेको योजनाक शिलापट्टक अनावरण कयलनि। मुख्यमंत्री दुर्गावती मे इको–टूरिज्म, एडवेंचर हब आ हॉट एयर बैलून कार्यक्रमक उद्‌घाटन कयलनि। श्री कुमार विक्रमगंजक वाजितपुर मे काव नदी पर प्रस्तावित पुलक निर्माण स्थलक निरीक्षण सेहो कयलनि। एहि दरमियान ओ जीविका दीदी सभक संग संवाद कयलनि।

---

बिहार लोक सेवा आयोग सत्तरिम संयुक्त मुख्य लिखित प्रतियोगिता परीक्षाक तिथिक घोषणा कऽ देलक अछि। परीक्षाक आयोजन पच्चीस अप्रील सँ तीस अप्रील धरि पटना मे विभिन्न परीक्षा केन्द्र पर कयल जायत। अभ्यर्थी एक्कैस फरवरी सँ सत्रह मार्च धरि ऑनलाइन माध्यम सँ आवेदन कऽ सकताह। अभ्यर्थी अधिक जनतबक लेल आयोगक वेबसाइट बीपीएससी डॉट बिहार डॉट जी ओ वी डॉट इन पर देखि सकैत छथि। आयोग अनिवार्य विषय सभक परीक्षाक विस्तृत कार्यक्रम जारी कयलक अछि।

———————————————————————

बिहार लघु उद्यमी योजनाक अंतर्गत आइ सँ आवेदनक प्रक्रिया आरम्भ भऽ गेल अछि। उद्योग मंत्री नीतीश मिश्रा दू हजार चौबीस पच्चीसक लेल ऑनलाइन पोर्टलक शुभारम्भ कयलनि। योजनाक अंतर्गत पात्र लाभुक पाँच मार्च धरि ऑनलाइन आवेदन कऽ सकैत छथि। एकर अंतर्गत उनसठि हजार लाभुक सभक चयन लौटरी के आधार पर कयल जायत, जिनका स्वरोजगारक लेल दू लाख टाका धरिक आर्थिक सहायता देल जायत।

———————————————————————

राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां कहलनि जे शिक्षाक असली उद्देश्य समाज आ राष्ट्रक विकास मे योगदान देब अछि। श्री खां मधेपुरा मे बी.एन मंडल विश्वविद्यालयक छठम दीक्षांत समारोह के सम्बोधित करैत कहलनि जे शिक्षा प्रत्येक मनुष्य के एक नव जन्म दैत अछि। राज्यपाल विश्वविद्यालयक विभिन्न संकाय मे सर्वोत्तम प्रदर्शन करयवला छप्पन छात्र–छात्रा सभ के गोल्ड मेडल प्रदान कयलनि। दीक्षांत समारोह मे एक हजार तीन सय नब्बे विद्यार्थी के प्रमाण पत्र देल गेल।

———————————————————————

प्रदेशभरि मे कड़गर सुरक्षा व्यवस्थाक मध्य बिहार बोर्डक आयोजित मैट्रिक परीक्षाक तेसर दिन दुनू पालीक परीक्षा शांतिपूर्वक संपन्न भेल। हमर शेखपुरा संवाददाता जनौलनि जे जिलाक

एस.ए.डी.एन परीक्षा केन्द्र पर कदाचारक आरोप मे सात परीक्षार्थी के निष्कासित कऽ देल गेल अछि। जिलाधिकारी आरिफ अहसन परीक्षा केन्द्र पर तैनात मजिस्ट्रेट के विरूद्ध सेहो प्रशासनिक कार्रवाई करैत स्पष्टीकरण नोटिस जारी कयलनि अछि।

---

प्रदेशक अधिकतर भाग मे न्यूनतम आ अधिकतम तापमान मे वृद्धिक क्रम जारी अछि। तेज रौदक कारणे अधिकांश भागक मे तापमान दू सँ तीन डिग्री सेल्सियस के वृद्धि दर्ज कयल गेल अछि। मौसम विभाग अपन पूर्वानुमान मे जनौलक जे अगिला चौबीस घंटाक दरमियान तापमान मे कोनो विशेष परिवर्तन नहि होयत। एकर बाद विभिन्न स्थान पर न्यूनतम तापमान मे दू सँ तीन डिग्री सेल्सियस के वृद्धि होयत। विभाग जनौलक जे अगिला चारि दिन बाद राज्यक उत्तर–पूर्वी, दक्षिण–मध्य आ दक्षिण–पूर्व भाग मे हल्का वर्षाक संभावना अछि।

---

दरभंगा मेडिकल कॉलेज अस्पतालक सय वर्ष पूरा होयबाक अवसर पर विभिन्न कार्यक्रमक आयोजन कयल गेल अछि।

---

पूर्व–मध्य रेल समस्तीपुर मंडलक रेल प्रबंधक विनय श्रीवास्तव जयनगर स्टेशन पर प्रयागराज महाकुंभ जायवला श्रद्धालु सभ सँ गपशप कयलनि आ स्टेशनक सुविधा आ सुरक्षा व्यवस्थाक जायजा लेलनि।

---

ओतहि, समस्तीपुर रेलमंडलक विभिन्न स्टेशन पर बेटिकट यात्री सभक विरूद्ध चलाओल गेल अभियानक अंतर्गत दू हजार पाँच सय उनतीस लोकसभ के पकड़ल गेल। एहि सँ सत्रह लाख टाका सँ बेसिक राशि जुर्माना के रूप मे वसूल कयल गेल।

---

समाप्त